

Li fasil tankou 1, 2, 3!

# Itilize Plan Sante W la

# 1

## Peye Premye Fakti Ou

Enfòmasyon ki soti nan konpayi asirans ou. Konpayi asirans sante w la pral voye ba ou enfòmasyon atravè lapòs oswa imèl sou plan w lan epi fason pou peye fakti mansyèl ou (prim).

**Premye fakti.** Li enpòtan pou peye premye fakti ou imedyatman, pa pita pase premye jou nan mwa plan w nan kòmanse a.

Rele konpayi asirans ou a pou peye si w pa t resevwa yon fakti.

Pwoteksyon w lan p ap kòmanse toutotan konpayi asirans lan pa resevwa premye peman w nan okonplè. Konpayi asirans ou a ka anile plan w nan si w anreta nan peman yo.



**Si w genyen kesyon sou fakti w oswa pwoteksyon w lan, kontakte konpayi asirans ou a dirèkteman:**

- CareFirst: **855-444-3121**; [member.carefirst.com](http://member.carefirst.com)
- Kaiser Permanente: **844-524-7370**; [kp.org/paypremium](http://kp.org/paypremium)
- UnitedHealthcare: **1-800-691-0021**; [myuhc.com/exchange](http://myuhc.com/exchange)
- Aetna Health: **844-365-7373** (TTY: 711); [AetnaCVSHealth.com/payment](http://AetnaCVSHealth.com/payment)

Kat idantifikasiyon manm. Konpayi asirans ou a ap voye yon kat idantifikasiyon (ID) manm ba ou atravè lapòs apre w fin peye fakti w la. Ou kapab itilize sèvis sante yo yon fwa fakti a fin peye, menm si w potko resevwa yon kat.

# 2

## Konprann Pwoteksyon W lan ak Depans yo

Ki sèvis ki kouvri? Tout plan sante prive yo dwe ofri benefis debaz tankou sa yo ak plis ankò:

- |  |  |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"><li>• Vizit kay doktè</li><li>• Ospitalizasyon</li><li>• Swen ijans</li><li>• Preskripsyon</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>• Swen sante mantal</li><li>• Swen matènité ak pou tibebe ki fèk fèt</li><li>• Swen pedyatri</li></ul> |
|--|--|

Swen preventif, tankou vaksinasyon, vizit byennèt ak depistaj, kouvri gratis pou ou tou, menm si ou pa t rive nan limit franchiz anyèl ou a. Pou gade tout sèvis ki dwe kouvri yo, vizite [MarylandHealthConnection.gov/health-coverage/choose-a-plan/use-your-coverage/](http://MarylandHealthConnection.gov/health-coverage/choose-a-plan/use-your-coverage/).

Chèche konnen sa plan espesifik ou a kouvri. Vizite sitwèb konpayi asirans ou a oswa revize tout enfòmasyon yo voye atravè lapòs pou ou sou sa plan w nan kouvri. Rele konpayi asirans ou a dirèkteman si w gen kesyon.

Konprann depans ak tèminoloji kle nan plan an. Men kèk mo komen ki ka afekte montan w ap peye pou sèvis yo:

- **Franchiz:** Montan ou dwe pou sèvis swen sante ke plan w nan kouvri avan asirans sante w la oswa plan w nan kòmanse peye.
- **Ko-asirans:** Pataj depans ou yo pou yon sèvis swen sante ki kouvri, ke yo kalkile sou fòm pouasantaj (pa egzanp, 20%) nan montan yo pèmèt pou sèvis la.
- **Rezo:** Doktè, lòt pwofesyonèl swen sante ak lopital ki dakò pou bay swen medikal anndan yon plan.
- **Kopeman (ti non kout, "kopay" nan lang Anglè):** Yon montan fiks (pa egzanp, \$15) ou peye pou yon sèvis swen sante ki kouvri, jeneralman lè w resevwa sèvis la.

# 3

## Jwenn yon Pwofesyonèl Swen epi Itilize Asirans Ou

Chèche yon doktè ki nan plan w nan. W ap peye pi ba pri yo pou sèvis yo lè w wè yon doktè oswa yon pwofesyonèl swen ki nan rezo plan w nan. Jwenn yon doktè ki aksepte plan w nan:

- Rele konpayi asirans ou a oswa gade sou sitwèb li a.
- Chèche anliy nan [MarylandHealthConnection.gov/find-a-provider](https://MarylandHealthConnection.gov/find-a-provider).
- Rele biwo doktè w la pou mande si li aksepte asirans ou a.



Prepare w pou premye randevou w la. Aprè ou fin jwenn yon pwofesyonèl swen epi pwograme premye randevou w la, vini avèk sa yo nan randevou w la:

- Kat asirans ou
- Yon lis ki gen tout medikaman w ap pran nan moman an
- Peman pou kopeman ou, si w genyen youn

**Jwenn swen ou bezwen, avan w tonbe malad.** Tout plan yo vann atravè Maryland Health Connection kouvri swen preventif ak jesyon maladi kwonik gratis, toutotan w al wè yon doktè nan rezo plan w nan. Plizyè konsiltasyon, vaksen ak depistaj kouvri gratis pou ou:

- |  |  |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> <li>• Vaksen kont grip ak nemoni</li> <li>• Planin</li> <li>• Vaksinasyon woutin</li> <li>• Vizit byennèt pou fanm</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• Depistaj ak konsèy pou sante mantal</li> <li>• Depistaj pou kansè, tankou tansyon, dyabèt, mamografi ak kolonoskopi</li> <li>• Depistaj ak konsèy pou vyolans domestik</li> </ul> |
|--|--|